# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRINIŃ BUYRÍǴI

## 2021-2022-jańa oqıw jılına tayarlıq jumısların jánede jetilistiriw haqqında

2021-2022-oqıw jılı aldınan xalıq bilimlendiriw mákemeleri baslıqlarınıń juwapkershiligin hám belsendiligin, tarawda jumıs alıp barıp atırǵan pedagog xızmetkerlerdiń kásiplik sheberliklerin jánede asırıw, aldıńǵı is-tájriybelerdi en jaydırıw, oqıw dástúrleri hám sabaqlıqlardaǵı jańalıqlar, ózgerislerdi taraw xızmetkerlerine jetkeriw, jańa oqıw jılında tálim-tárbiya sıpatın jánede asırıw, dástúriy avgust keńesleri materialları menen tanıstırıp barıw, áhmiyetli hám aldaǵı baǵdarlardı belgilep alıw maqsetinde buyıraman:

1. 2021-jıldıń 25-28-avgust kúnleri jańa oqıw jılı aldınan Qaraqalpaqstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw tarawında «Bilimlendiriw mákemelerinde metodikalıq xızmet kórsetiw hápteligi» dep járiyalansın.

2. «Bilimlendiriw mákemelerinde metodikalıq xızmet kórsetiw hápteligin» ámelge asırıw boyınsha Isshi topar quramı 1-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.

**3. Isshi topar aǵzalarınıń wazıypaları tómendegishe etip belgilensin:**

**Metodikalıq xızmet bólimi (Q.Bekbawliev)ne, Respublikalıq bilimlendiriw orayı (Q.Jubanov, A.Dauletbaev)na:**

«Kóshpeli ushırasıw» formasında mekteptiń oqıw isleri boyınsha direktor orınbasarlarına tómendegi baǵdarlar boyınsha túsindiriw jumısların alıp barıw:

Tayanısh oqıw reje;

Variativ oqıw reje;

Tarifikaciya tiykarında sabaqlardıń durıs bólistiriliwi;

Tájiriybeli muǵallimlerdiń is-tájriybeleriniń en jaydırılıwı;

Jańa milliy oqıw baǵdarlamanıń áhmiyeti haqqında túsinik jumısların alıp barıw;

Barlıq pán metodistlerine tómendegi baǵdarlar boyınsha túsindiriw jumısları alıp barıw:

Hár bir pán metodisti tárepinen tayarlanǵan metodikalıq qollanba hám usınısların taraw muǵallimlerine túsindiriw, olardı jánede jetilistiriw hám de Ózbekstan Respublikası kóleminde en jaydırıw ushın ÓzRXBM janındaǵı Respublikalıq bilimlendiriw orayına usınıw;

Pánler kesiminde oqıw dástúrleri hám sabaqlıqlardaǵı jańalıqlar, tematikalıq rejedegi ózgerisler, dástúriy avgust keńesleri materialları menen tanıstırıw wazıypaları júkletilsin.

**4. Barlıq rayon (qala)lıq xalıq bilimlendiriw bólimi baslıqlarına:**

Karantin qaǵıydalarına ámel etken halda «Bilimlendiriw mákemelerinde metodikalıq xızmet kórsetiw hápteligi»ne direktor orınbasarları hámde dizim tiykarında pán muǵallimleriniń qatnasın támiyinlew;

Háptelik ótkeriletuǵın ulıwma orta bilim beriw mekteplerin belgilew hámde kerekli kompyuter texnikaları, proektor menen támiyinlew wazıypaları júkletilsin.

**5. Málimleme xızmeti (T.Dawletmuratov) ne**:

«Bilimlendiriw mákemelerinde metodikalıq xızmet kórsetiw hápteligi»ne tayarlıq kóriw hám olardı ótkeriw processlerin ǵalaba xabar quralları arqalı keń túrde jarıtıp barıw usınıs etilsin.

6. Usı buyrıqtıń orınlanıwın qadaǵalaw ministrdiń birinshi orınbasarı w.w.a Q.Bekbawlievqa tapsırılsın.

**Ministr** **R.Reimov**

Nókis qalası
2021 jıl 19 - avgust
191 -sanlı

Qaraqalpaqstan Respublikası
Xalıq bilimlendiriw ministriniń
2021-jıl 19 - avgust dağı
191 -sanlı buyrığına qosımsha

**«Bilimlendiriw mákemelerinde metodikalıq xızmet kórsetiw hápteligi» boyınsha dúzilgen isshi toparı**

**QURAMÍ**

| K/c | F.I.O | Lawazımı | Biriktirilgen Rayon (qala)lar | Waqtı |
|---|---|---|---|---|
| **Isshi topar Kóshpeli qabıllaw formasında direktor orınbasarlarına** | | | | |
| 1 | Q.Bekbawliev | Qaraqalpaqstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministriniń birinshi orınbasarı w.w.a, Isshi topar baslığı | Moynaq, Qońırat | 25.08.2021 |
| | | | Shomanay, Qanlıkól | 26.08.2021 |
| | J.Ismetullaev | Respublikalıq bilimlendiriw oray sektor baslığı | | |
| | F.Qalqnazarov | Respublikalıq bilimlendiriw oray sektor baslığı | Xojeli, Taqıyatas | 27.08.2021 |
| 2 | Q.Jubanov | QRXBM janındağı Respublikalıq bilimlendiriw orayı direktorı, Isshi topar baslığı orınbasarı | Taxtakópir, Qaraózek | 25.08.2021 |
| | | | Shımbay, Kegeyli | 26.08.2021 |
| | | | Bozataw, | 27.08.2021 |
| | B.Kojanazarov | Respublikalıq bilimlendiriw oray metodisti | | |
| | | | Nókis qala | 28.08.2021 |
| 3 | A.Dauletbaev | QRXBM janındağı Respublikalıq bilimlendiriw orayı direktor orınbasarı | Ámiwdárya | 25.08.2021 |
| | | | Tórtkúl, Beruniy | 26.08.2021 |
| | | | Ellikqala | 27.08.2021 |
| | A.Jolamanov | Respublikalıq bilimlendiriw oray metodisti | | |
| **Pán metodistleri tárepinen pán muğallimlerine** | | | | |
| 1. | A.Erimbetov | Metodikalıq xızmet bólimi Matematika páni metodisti | Kegeyli, Bozataw | 25.08.2021 |
| | B.Habibullaev | Metodikalıq xızmet bólimi | Xojeli, Taqıyatas | 26.08.2021 |
| | | | Qanlıkól, Shomanay | 27.08.2021 |
| 2. | A.Tlewniyazova | Metodikalıq xızmet bólimi Ximiya páni metodisti | Taxtakópir, Qaraózek | 25.08.2021 |
| | J.Rametullaev | Metodikalıq xızmet bólimi Informatika páni metodisti | Qanlıkól, Shomanay | 26.08.2021 |
| | | | Xojeli, Taqıyatas | 27.08.2021 |
| 3. | Z.Jánibekova | Respublikalıq bilimlendiriw orayı matematika páni metodisti | Nókis qala, Nókis rayon | 25.08.2021 |
| | I.Esenova | Respublikalıq bilimlendiriw orayı geografiya hám ekonomika páni | Kegeyli, Shımbay | 26.08.2021 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | metodisti | Tórtkúl, Ellikqala | 27.08.2021 |
| 4. | B.Utemuratov | Respublikalıq bilimlendiriw orayı Túrkmen tili páni metodisti | Shomanay, Xojeli | 25.08.2021 |
| | N.Aytmambetov | Respublikalıq bilimlendiriw orayı ximiya páni metodisti | Ellikqala | 26.08.2021 |
| | | | Tórtkúl, Beruniy | 27.08.2021 |
| 5. | O.Joldasova | Respublikalıq bilimlendiriw orayı fizika páni metodisti | Moynaq, Qońırat | 25.08.2021 |
| | V.Allamuratova | Respublikalıq bilimlendiriw orayı infomatika páni metodisti | Shomanay, Qanlıkól | 26.08.2021 |
| | | | Xojeli, Taqıyatas | 27.08.2021 |
| 6. | S.Tajatdinova | Respublikalıq bilimlendiriw orayı biologiya páni metodisti | Taxtakópir, Qaraózek | 25.08.2021 |
| | G.Shuaqbaeva | Respublikalıq bilimlendiriw orayı tárbiya páni metodisti | Shımbay, Bozataw | 26.08.2021 |
| | | | Kegeyli, Nókis rayon | 27.08.2021 |
| 7. | G.Abdikarimova | Respublikalıq bilimlendiriw orayı baslawısh bilim beriw páni metodisti | Moynaq, Qońırat | 25.08.2021 |
| | Z.Qayratdinova | Respublikalıq bilimlendiriw orayı Dene-tárbiya páni metodisti | Nókis qala, Nókis rayon | 26.08.2021 |
| | | | Bozataw, Shımbay | 27.08.2021 |
| 8. | I.Aytnazarov | Respublikalıq bilimlendiriw oray texnologiya páni metodisti | Ámiwdárya, Beruniy | 25.08.2021 |
| | I.Medetov | Respublikalıq bilimlendiriw oray ShShBT páni metodisti | Moynaq, Qońırat | 26.08.2021 |
| | | | Kegeyli, Bozataw | 27.08.2021 |
| 9. | Z.Ismailova | Respublikalıq bilimlendiriw orayı Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı páni metodisti | Qanlıkól, Taqıyatas | 25.08.2021 |
| | B.Hamidullaev | Respublikalıq bilimlendiriw orayı Shet tili páni metodisti | Taxtakópir, Qaraózek | 26.08.2021 |
| | | | Nókis rayon, Nókis qala | 27.08.2021 |
| 10. | N.Matlatipova | Respublikalıq bilimlendiriw orayı Ózbek tili hám ádebiyatı páni metodisti | Shımbay, Nókis qala | 25.08.2021 |
| | M.Berdibaeva | Respublikalıq bilimlendiriw orayı Rus tili páni metodisti | Tórtkúl, Ellikqala | 26.08.2021 |
| | | | Ámiwdárya, Beruniy | 27.08.2021 |